QORAQALPOG‘ISTON RESPUBLIKASI
XALQ TA’LIMI
VAZIRLIGI

230100, Nukus shahri, Dosnazarov ko‘chasi, 62-uy
Tel.: 0 (361) 222-24-37, 222-95-20, faks: 222-98-30
web-site: www.kkedu.uz, e-mail: mno.rk@exat.uz

QARAQALPAQSTAN RESPUBLIKASÍ
XALÍQ BILIMLENDIRIW
MINISTRLIGI

230100, Nókis qalasi, Dosnazarov kóshesi 62-úy
Tel.: 0 (361) 222-24-37, 222-95-20, faks: 222-98-30
web-site: www.kkedu.uz, e-mail: mno.rk@exat.uz

«21» август 2021 y. № 03/01-3748 «____» ____________ 2021-j.

**Нөкис қаласы ИИО МФБ баслығы,**
**полковник Х.Очиловқа**

Қарақалпақстан Республикасы Халық билимлендириў министрлиги @bkadirbergenov телеграм каналында «*Қарақалпақстанлы инимиз математика бойынша олимпияда да жеңимпаз болды ҳәм оны 1 бет ҳүрмет жарлығы менен хошаметледи. Кейин ол сүўретлер социаллық тармақларда тарқап кеткеннен кейин, инимиздиң қолына 1 телевизор берди.*

*Мына қызда биология бойынша жеңимпаз атанған ҳәм 122 млн сўм менен хошаметленген.*

*Демек, биология оқыў керек екен. Ямаса Қарақалпақстанлы болмаў керек екен.*» атлы пост жәрияланды. (жәрияланған пост қоса тигиледи)

Негизи, бундай қунлы пул сыйлықлары дүнья тән алған халық аралық олимпиадасы 1-,2- ҳәм 3-орын жеңимпазларына бериледи. Постта «математика бойынша олимпиада жеңимпазы» деп жәрияланған мағлыўмат ийеси мектеп оқыўшысы емес. Мағлыўмат ушын, Қарақалпақстан Республикасы Халық билимлендириў министрлигине қараслы Төрткүл районында жайласқан 13-санлы мектеп-интернатының оқыўшысы Янгабаев Максут информатика пәни бойынша халық аралық олимпиадаға қатнасып, сыйлы орын ийелей алмағанлығы себепли ақшалай сыйлықланбады.

Сондай-ақ, усы каналда «*Қарақалпақ класста оқыйтуғын балаларға не ушын өзбекше дүзилген анкета?*

*Көпшилик ата-аналар анкетасының өзбек тилинде екенин айтып хабарласпақта. Ишиндеги сораўларда қолайсыз екенин айтпақта. Билимлендириў министрлигине арыз жазбаяқ қояйын десек, бул тараўда соншелли шалалықлар көп, қайта-қайта жаздыра береди. Министрликте усы кишкене анкетаны қарақалпақшаға аўдарыў керек дейтуғын адам табылмады ма сонда?*

*Жуўап күтемиз, жуўап болмаса, министрликке барып аламыз жуўапты. Сизлерге әдет болып қалған-ғо жуўап бермеў.*» мазмунда пост жәрияланды. (жәрияланған пост қоса тигиледи)

Негизи, 2021-жыл 17-август күни саат $10^{00}$ Өзбекстан Республикасы Халық билимлендириў министриниң биринши орынбасары У.У.Шарифходжаевтиң басшылығында өткерилген қысқа мүддетли ZOOM мәжилисинде ата-аналардан тез арада яғный, 18-август саат $18^{00}$ ге шекемги аралықта таза оқыў жылының басланыўы бойынша сораўнама өткериў тапсырмасы, сондай-ақ, министрлик тәрепинен таяр сораўнама бланкалары берилди. Ўақыттың тығызлығын есапқа алған ҳалда министрлик тәрепинен берилген өзбек тилинде таярланған бланкалар өзгерис киритилместен районларға жеткерилди.*(бланка үлгиси қоса тигиледи)*

Жоқарыдағы блогер Б.Қадирбергеновтың постларында берилген пикирлери билимлендириў тараўын абырайсызландырыўға, өсип киятырған жас әўладтың тәлим тәрбиясында натуўры пикир оятыўға себеп болмақта.

Блогер Б.Қадирбергеновтың жәриялаған постларына нызам шеңберинде үйренип, ҳуқықый баҳа бериўиңизди сорайман.

**Министрдиң биринши орынбасары ў.ў.а. Қ.Бекбаулиев**